








Simbegwire

-  Rukia Nantale
-  Benjamin Mitchley
-  ACE Haiti-University of Notre Dame USA
-  5
-  krèyol ayisyen



Lè manman Simbegwire mouri, Simbegwire te tris anpil. Papa'l fè tout sa li te kapab pou'l okipe piti fi li. Ofiyamezi, yo kòmanse santi yo byen san manman an. Chak maten, yo chita ansanm pou yo pale sou kisa ka pwal pase nan jounen jodya. chak swa, yo fè manje ansanm. Lè yo finn lave asyèt yo, papa Simbegwire ede li fè devwa li.



Yon jou, papa Simbgewire tounen lakay li pita pase anvan. Li mande Simbgerwire « Ki kote ou ye pitit mwen an? ». Simbgerwire kouri al jwenn papa li. Men, Simbgerwire kanpe lè li wè papa li tap kenbe men yon madanm. Papa a di li ak yon souri « Mwen ta renmen ou rankontre yon moun espesyal, pitit mwen an. Moun sa a se Anita »



Anita di li « Bonjou Simbegwire, papa ou pale'm anpil de ou ». Men, Anita pas janm souri ni pa janm kenbe li. Papa Simbegwire te gen kè kontan. Li di ke yo twa ta pral viv byen ansanm "Pitit mwen an, mwen ta byen kontan si Anita ta manman ou.



Lavi Simbegwire kòmanse chanje. Li pa te gen tan ankò pou li chita ak papa li chak maten. Anita te bay si tan travay pou li fè nan kay la ke li te bouke anpil epi li pat kapab fè devwa li nan aswè. Lè li finn manje, lale dirèk nan kabann li. Sèl ti konfò li se te kouvèti koulè a ke manman'l te fè pou li. Papa Simbegwire pa wè ke pitit fi li te tris.



Kèk tan apre, papa Simbegwire anonse ke li te gen pou vwayaje pou yon titan. « Mwen gen pou'm vwayaje pou travay mwen men mwen konnen ke tout bagay pral pase byen ». Figi Simbegwire vinn byen tris men papa a pa janm wè anyen.



Sitiyasyon vin pi mal pou Simbegwire. Si li pat fin travay li nan kay la oswa si li te plenyen, Anita te konn bat li. Lè pou manje, madanm nan manje pifò nan manje a enpi li kite ti kras pou Simbegwire. Chak nwit, Simbegwire kriye nan kouvèti manman li.



Yon maten, Simbegwire leve ta. Anita rele byen fò « Paresèz ! ». Li rale Simbegwire sòti nan kabann li. Bèl ti kouvèti manman an ki te pandye sou yon klou shire an de tibout.



Lè sa a Simbegwire te boulvèse anpil. Li deside sove nan kay la. Li pran kouvèti chire an, li pran manje avèk li epi li kite kay la. Li swiv wout papa li te pran.



Lè soley la kouche li grenpe yon pyebwa ki a kote yon ti dlo epi li fè yon kabann ak branch pyebwa a. Pandan lap kòmanse dòmi li tonbe chante “
Manman, manman, manman, ou kite’m. Ou ale epi ou pa janm tounen. Papa pa renmen’m ankò. Kilè wap tounen manman ? Ou kite’m. »




Demen maten, Simbegwire rechante menm chante an. Lè medam yo rive nan basen an pou lave rad yo, yo tande yon chante tris kap sòti nan gwo pyebwa a. Nan kòmansman, yo te kwè ke se bwi fey yo epi yo kontinye travay yo. Men yonn nan yo kanpe pou koute chante an ak anpil atansyon.



Madanm sa a voye je'l nan pyebwa a epi li wè ti fi a ak mòso kouvèti koulè a. Li rele "Simbegwire, pitit frè mwen!". Lòt medam yo kanpe lave pou yo ede Simbegwire desann pyebwa a. Matant li kòmanse bo li ak eseye konsole'l.



Matant Simbegwire mennen li lakay li. Li bay Simbegwire yon plat manje cho epi li mete'l dòmi nan kabann ak kouvèti manman li. Lè lannwit rive, Simbegwire tonbe dòmi kriye. Men kriye an fwa sa a se kriye kè kontan. Li konnen ke matant li ta pral okipe li.



Lè papa Simbegwire tounen lakay li, li jwenn chanb pitit fi li vid. Li mande madanm li ak kè lou « Kisa ki pase, Anita ? ». Madanm li eksplike'l ke Simbegwire kouri ale. Li di « Mwen te vle ke li rekspete'm men mwen kwè ke'm te twò di avèk li ». Papa Simbegwire soti nan kay la, lale nan direksyon basen an kote sè li rete pou'l mande li si li te wè Simbegwire.



Simbegwire tap jwe ak kouzen li yo lè li wè papa li ap vin byen lwen. Li te pè ke papa a te fache kidonk li kouri al kache anndan kay la. Men, papa a al jwenn li pou'l li di, "Simbegwire, ou te jwenn yon manman pafè pou tèt ou. Yon moun ki renmen ou ak konprann ou. Mwen fyè de ou menm, mwen renmen ou." Yo te dakò ke Simbegwire ta rete ak matant li osi lontan ke li te vle.



Papa a kontinye vini wè li chak jou. Yon jou li vini ak Anita. Anita lonje men bay Simbegwire enpi li di « Mwen regrèt anpil, tifi, mwen pat gen rezon ». Li mande Simbegwire « eske wap kite'm esese yon lòt fwa ankò? ». Simbegwire gade papa'l anpil. Li te sispèk men ti pa ti pa lale kote Anita epi li pase de ti bra li nan ren Anita.




Lòt semen nan, Anita envite Simbegwire ak kouzen li yo ak matant li vin manje lakay li. Se te yon bèl fèt ! Anita te pare tout manje Simbegwire re renmen enpi tout moun manje vant deboutenen. Apre sa a, timoun yo ale jwe pandan granmoun you rete pale. Simbegwire te gen kè kontan. Li deside tounen lakay li byen vit pou li viv ak papa e ak bèlmè li.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Simbegwire

 Rukia Nantale

 Benjamin Mitchley

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

